

Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE Y AP AKSEPTE DEMANN KOUNYE A POU  
PWOGRAM BOUS DETID CAREY GABAY LA POU ANE 2019 LA**

***Pwogram bous detid la pral ofri bous detid konplè pou senk etidyan eksepsyonèl  
nan SUNY ki soti nan milye defavorize - Fè demann ou an [isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke State University of New York la (SUNY) ap aksepte aplikasyon pou Bous Detid Komemoratif Carey Gabay (Carey Gabay Memorial Scholarship) la kounye a pou ane 2019 la. Bous detid la, ki kounye a nan katyèm ane li, se pou onore Carey Gabay, ki te yon avoka ak fonksyonè piblik, yo te touye trajikman kòm yon viktim inosan nan vyolans ak zam an 2015. Pwogram sa a ap ofri bous detid konplè pou senk etidyan k ap antre nan SUNY ki montre egzanp angajman Carey nan jistis sosyal, lidèchip ak konsèy, ansanm avèk istwa sikse akademik pèsònèl li malgre li te soti nan yon milye ekonomik defavorize.

"Carey te konsakre lavi li a sèvis piblik, ap mete lòt moun devan li epi toujou ap eseye touche kominote li ak lòt kote", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Bous detid sa a onore avèk fyète tout sa Carey te lite pou yo, epi kontribisyon li an pral kontinye gras a chak grenn etidyan ki jwenn mwayen reyalize rèv li nan kad pwogram sa a."

"Nou sonje Carey Gabay ki te konsakre lavi li nan remèt bay kominote a epi nan ede lòt moun gras a katyèm tou Bous Detid Komemoratif Carey Gabay la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Bous detid sa a fè pati efò nou yo pou garanti etidyan yo jwenn yon edikasyon bon kalite bon mache. Nou pran angajman garanti tout Nouyòkè yo gen resous yo bezwen yo pou pousuiv karyè satisfèzan epi jwenn reyisit nan lavni."

**Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare,** "Ofri aksè ak opòtinite pou edikasyon kalite siperyè pou etidyan ki soti nan milye defavorize yo se sa ki nan kè prensip SUNY yo. Nou tout fyè anpil mete bous detid sa a disponib pou kontinye kontribisyon ekstrawòdinè Carey Gabay la nan edikasyon, sèvis piblik ak jistis sosyal".

Carey te grandi ap viv nan lojman piblik epi li te ale nan lekòl piblik nan Bronx. Apre yon karyè reyisi nan lekòl segondè, li te gradye nan Harvard University ak Harvard Law School. Li te gen yon angajman dirab a sèvis piblik epi li re-vesti nan moun sila yo ki otou l, e pandan li te nan Harvard University, li te kandida pou l te vini prezidan kò etidyan premye sik la. Pandan karyè l, li te travay san relach nan sèvis piblik, premyèman kòm Konseye Jiridik Adjwen pou Gouvènè Cuomo epi apre, kòm Premye Konseye Adjwen pou Empire State Development Corporation.

Yon lòt fwa ankò, Bous Detid Komemoratif Anyèl Carey Gabay la pral akòde bous detid konplè bay senk etidyan pou yo enskri nan inivèsite katran SUNY yo apati ane lekòl 2019-20 la. Bous detid sa yo ap kouvri tout depans pou prezans, sa gen ladan frè

eskolè, lojman ak manje, frè kolèj, liv ak founiti, ak transpò ak depans pèsonèl. Demann yo disponib [init la](#) e dat limit lan se 30 Jen 2019.

Sa fè katriyèm ane yo ap akòde bous detid yo nan kad pwogram lan, kote yo te akòde bous detid avan bay etidyan yo pou ane 2018, 2017 ak 2016.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)